



# Ki bagay ki nouvo pou 2025

## Se Moman pou Konsidere Bezwen Avantaj ou yo pou 2025 lan

Peryòd Enskripsyon Lib la se ant 28 oktòb - 15 novanm 2024. Se moman sa a ou ta dwe revize avantaj Beth Israel Lahey Health (BILH) ou yo epi konsidere bezwen ou menm ak fanmi w genyen pou ane k ap vini an. **Avèk tout nouvo plan medikal ki disponib pou ane 2025 lan, li enpòtan pou pran tan w pou byen egzamine tout opsyon w genyen yo pou asire w ou genyen pi bon kouvèti posib la.**

### Enskripsyon Lib: 28 oktòb - 15 novanm 2024

Enskripsyon Lib se yon okazyon chak ane pou mete ajou avantaj ou chwazi yo epi pou w pwofite plis de avantaj plan BILH ofri w yo. Avantaj ou chwazi lè w enskri a pral antre an vigè apati 1ye janvye 2025.

*Gid sa a fèt pou anplwaye ki kalifye pou avantaj yo sèlman. Genyen detay konplè sou plan avantaj yo ki disponib nan dokiman ofisyèl plan yo. Si gen yon diferans ant enfòmasyon ki nan rezime sa a ak dokiman ofisyèl plan yo, dokiman plan yo ap prime. Deklarasyon sa a pa reprezante yon kontra travay, epi li pa bay garanti pou yon travay alavni. Konpayi a rezève dwa pou chanje, modifiye oswa mete fen a nenpòt nan plan yo nenpòt fason ann antye oswa an pati, nenpòt ki lè.*

## Pri Swen Sante yo Ap Ogmante

Nan BILH, nou pran angajman pou n pran swen sante ak byennèt pasyan nou yo, anplwaye nou yo ak fanmi yo. Nan senk ane ki sot pase yo, nou te travay pou n kreye yon pwogram avantaj konplè pou anplwaye ki nan sistèm sante nou an. Apati 2025, anplwaye yo pral peye menm lajan an pou tout avantaj yo, kèlkeswa kote y ap travay nan sistèm nan.

Chak ane, nou evalye plan medikal nou yo pou asire n yo rete bon kalite e abòdab, malgre gwo ogmantasyon ki genyen nan pri swen sante nan dènye ane sa yo. An retou, na p entwodwi yon seri nouvo plan medikal ki konpetitif sou mache a pou ede jere pri sa yo. W ap kontinye ekonomize lajan ak pifò plan yo lè w ale kay pwofesyonèl swen sante ak lopital BILH yo, ki sipòte sistèm nou an.

Asire w ou pran tan w pou byen gade nouvo opsyon yo epi chwazi plan ki pi byen adapte a bezwen w yo. Li enpòtan pou konsidere pri total w ap peye lè w ap chwazi yon plan medikal - kantite lajan ou bezwen pou kouvèti asirans lan, ansanm ak tout lòt depans ou peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou nenpòt swen w resevwa.

Nou bay plizyè fason pou w ka aprann plis sou nouvo plan medikal nou yo:

- Antre nan yon Sesyon vityèl pou jwenn Enfòmasyon sou Plan Medikal
- Patisipe nan yon Fwa pou jwenn enfòmasyon sou Avantaj yo
- Pwograme yon konsiltasyon vityèl avèk Harvard Pilgrim.

Pou plis detay, ki gen ladan dat ak lè, vizite **Benefits Central (Sant Avantaj)** nan <https://fлимп.live/BILH-Benefits>.

# Ki bagay k ap Chanje pou 2025

- **Nouvo:** Kat nouvo opsyon\* plan medikal ke Harvard Pilgrim Health Care pwopoze
  - Sila yo ki gen yon salè pi ba pase \$60,000 pa ane yo pral peye mwens lajan nan chèk travay yo si yo chwazi BILH Network Premier HMO.
- **Ogmantasyon kopèman sou preskripsyon** (frè ou peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou preskripsyon yo) pou pifò medikaman, a yon pri pi ba nan famasi BILH pou HMO yo.
- Yon ogmantasyon toupiti nan pri pou kouvèti **vizyon** an.\*\*
- Amelyorasyon nan avantaj plan yo pou **Aksidan, Maladi Grav ak idemnite pou Ospitalizasyon**.\*\*

**Pa genyen lòt chanjman nan avantaj oswa pri yo pou ane 2025 lan.\*\***

*\*Plis yon lòt opsyon plan PPO pou sila yo ki abite a yon distans 20 mil oswa plis parapò ak yon doktè swen prensipal (PCP) Nivo 1 BILH la.*

*\*\* Sa pa aplike pou Exeter Health; gade dokiman separe yo.*

## Ou dwe aji:

Chwazi manyèlman yon opsyon medikal si ou bezwen yon kouvèti pou 2025



Pandan peryòd Enskripsyon Lib an, ou dwe enskri nan plan medikal ou chwazi a pou asire w ou genyen kouvèti ki pi apwopriye pou ou menm ak fanmi w an 2025. Si w ap patisipe aktyèlman nan yon plan medikal BILH epi ou pa chwazi youn manyèlman pandan peryòd Enskripsyon Lib la, kouvèti w la ap tou transfòme an BILH Network Premier HMO, petèt ki pa pi bon opsyon pou konble bezwen w yo. Pou rezon sa a, li enpòtan pou w enskri nan plan ou chwazi a.

## Pa Bliye BILH Benefits Central La pou Ede !

Ou menm ak moun ki depann de ou yo gen aksè a **BILH Benefits Central BILH** pou plis detay sou avantaj ki disponib pou ou byen fasil.



Eskane la a pou vizite sit la nenpòt ki lè sou **aparèy mobil** ou oswa vizite <https://flimp.live/BILH-Benefits>.



## Resous pou Enskripsyon Ou Yo

Genyen resous kle pou ede w konprann epi chwazi bon plan an pou ou menm ak fanmi w. Vizite Benefits Central (Sant Avantaj) nan <https://flimp.live/BILH-Benefits> pou jwenn dat, lè ak enfòmasyon sou fason pou jwenn resous sa yo.



Fwa Avantaj yo



Sesyon pou jwenn Enfòmasyon sou Plan Medikal yo



Harvard Pilgrim Vityèl 1:1

# Opsyon Plan Medikal BILH 2025 Yo

**Pifò anplwaye ki kalifye pou avantaj yo kapab chwazi nan kat nouvo opsyon plan medikal yo:**

- Twa opsyon òganizasyon jesyon sante (HMO)
- Yon opsyon òganizasyon pwofesyonèl swen sante prefere (PPO)

**Plan sa yo gen ladan yon seri nivo ak pri pou kouvèti yo, sa ki ba w plizyè opsyon pou w chwazi youn ki bon pou ou menm ak fanmi w.** Se vre chak plan ofri yon kouvèti medikal konplè, men genyen plizyè diferans ant yo. Pa genyen sa yo rele "pi bon" plan an. Chak plan genyen karakteristik ki fè li se "pi bon" opsyon an pou ou selon sitiyasyon ou ak/oswa fanmi ou. Se pou rezon sa a li enpòtan pou w konprann kisa chak plan yo ofri!

Men yon gwo apèsi sou fason ou ka konpare plan HMO ak PPO yo:

**Si Salè Debaz ou mwens pase \$60,000 epi Ou Sitou Itilize Pwofesyonèl Swen Sante BILH Yo...**

Ou pral peye mwens pou kouvèti medikal yo an 2025 si w chwazi plan BILH Network Premier la. Si sa aplikab nan ka pa w, ou pral wè pri a pi ba lè w enskri.

## HMO ak PPO: Kisa ki diferan?

### HMO BILH yo:

- Pwofesyonèl swen sante yo yerachize
- Peye montan ki pi piti a lè w itilize Pwofesyonèl swen sante BILH yo (Nivo 1)
- Dwe abite nan zòn enskripsyon Harvard Pilgrim lan\*
- Prim nan pi ba pase PPO
- Egzije yon Doktè Swen Prensipal (PCP) ak referans pou ale wè Espesyalis yo (amwenske w gen yon PCP BILH)
- Pa gen swen ki disponib andeyò rezo a eksepte pou ijans

### Toulede HMO ak PPO:

- Menm swen medikal la kouvri
- Pa peye anyen pou swen prevantif ak swen sante mantal pou pasyan ki pa entènè
- Gen ladan kouvèti pou medikaman sou preskripsyon atravè ScriptWellRx
- Resous ak sipò nan men Harvard Pilgrim Health Care

### PPO BILH:

- Pwofesyonèl Swen Sante yo pa yerachize
- Aksè a nenpòt pwofesyonèl swen sante ou chwazi (nan rezo a oswa andeyò rezo a)
- Peye mwens lè w chwazi pwofesyonèl swen sante nan rezo a
- Pi gwo prim nan tout opsyon plan yo
- PCP ak referans pou al wè espesyalis yo pa obligatwa

\* MA, ME, NH, ak kèk zòn nan RI, VT, CT ak NY



# Chwazi yon Plan Medikal

Avèk nouvo opsyon plan medikal yo, li ka difisil pou w konnen kijan pou deside ki plan ki pi bon pou ou. Men kèk pwèn enpòtan pou w konsidere:

- **Prim yo:** Konsidere kantite lajan ou pral peye ki soti nan chèk travay ouk ap detèmine pa plan ou chwazi a ak kiyès ou kouvri.
- **Chwa plan an:** Lè w ap fè chwa yon plan, wap chwazi yon *plan*, pa yon nivopou plan HMO yo. Ou kapab wè pwofesyonèl swen sante nan nenpòt nivo ke plan HMO ou a kouvri. **Remak:** Dana-Farber Cancer Institute pral Nivo 2 an 2025.
- **Pri nan moman swen an:** Anba plan HMO yo, kantite lajan w ap peye lè w resevwa swen depann de nan ki nivo pwofesyonèl swen sante a ak etablisman an ye. Tank nivo a ba, se tank w ap peye mwens ak lajan ki soti nan pòch ou.
- **Pwofesyonèl Swen Sante yo:** Lè w ap chwazi plan w lan, konsidere kote ou wè pwofesyonèl swen sante w yo/resevwa sèvis yo ak chak kilè ou bezwen swen.
  - **Èske w resevwa tout swen w yo nan etablisman ak pwofesyonèl swen sante BILH yo?** Plan BILH Network Premier HMO a kapab pi bon pou ou - ou pral peye mwens nan chèk travay ou. Sèlman sonje, pa gen kouvèti pou swen Nivo 3 nan plan BILH Network Premier HMO a.
  - **Èske w genyen yon pwofesyonèl swen sante Nivo 3 ou vle kontinye al wè?** W ap bezwen chwazi Flex HMO oswa Flex Plus HMO. Lè w ap chwazi ant plan sa yo, reflechi ak konbyen fwa ou wè pwofesyonèl swen sante sa a/resevwa sèvis sa yo. Si se yon fwa oswa de fwa nan yon ane, èske li pa fè plis sans pou peye mwens nan chèk travay ou epi w peye plis lè w pral kay pwofesyonèl swen sante a (Flex HMO)? Si w ale pi souvan, konsidere Flex Plus HMO pou peye plis sou chèk travay ou epi peye mwens lè w pral kay pwofesyonèl swen sante a.
  - **Èske w resevwa tout swen w yo nan Nivo 2 ak 3?** Gade Flex HMO oswa HMO Flex Plus HMO. Si se sèlman Nivo 3 ou itilize epi ou resevwa swen w yo souvan, konsidere Flex Plus HMO (plis dedikasyon nan chèk travay ou men peye mwens nan moman sèvis la).
  - **Èske w ka transfere yon swen nan nivo 1?** Sonje, ou kapab konbine nivo yo nan plan ou chwazi a.
- **Fleksibilite:** Èske w vle pou w kapab wè nenpòt pwofesyonèl swen sante? Konsidere plan BILH Access PPO a, men sonje plan sa a gen pi gwo prim pou peyeman chèk travay ou

## Apèsi sou Opsyon Plan Medikal BILH 2025

	BILH Network Premier HMO
Depans ki gen rapò ak chèk travay	\$
Nivo ki kouvri yo	Nivo 1 ak Nivo 2 sèlman
Pwèn Entèresan nan Plan yo	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pi piti prim pou tout opsyon plan yo.</li> <li>• Plan nivo 2.</li> <li>• <b>Pa gen kouvèti ki disponib pou swen Nivo 3 andeyò rezo a</b> eksepte pou ijans.</li> <li>• Itilize pwofesyonèl swen sante ki nan rezo BILH Network Premier HMO yo (pifw pwofesyonèl swen sante).</li> </ul>
Ou kapab Bezwen Chwazi Plan Sa a Si...	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ou prèske itilize pwofesyonèl swen sante Nivo 1 sèlman ou konn itilize pwofesyonèl swen sante Nivo 2.</li> <li>• Ou pa janm itilize pwofesyonèl swen sante Nivo 3 sitiyasyon ijans.</li> <li>• Ou pa panse ou pral bezwen gwo sèvis medikal.</li> <li>• Ou bezwen yon plan ki gen pi piti prim nan.</li> <li>• Ou t ap pito peye plis lajan pou swen yo lè w resevwa kontribisyon ki pi ba nan chèk travay ou.</li> <li>• Si salè debaz ou mwens pase \$60,000 epi ou itilize pwofesyonèl swen sante Nivo 1 yo, paske prim ou an pral pi ba.</li> </ul>

## Karakteristik Enpòtan Nouvo Opsyon Plan

	BILH Network Premier HMO	
	Nivo 1	Nivo 2
Franchiz Anyèl (Manm/Fanmi)	\$1,000/\$2,000	\$2,500/\$5,000
Maksimòm lajan ou peye ki sotii nan pòch ou (Manm/Fanmi)	\$3,000/\$6,000	
Vizit pou Swen Prevantif	\$0 (kouvri totalman)	
Vizit nan Klinik PCP	\$0 (kouvri totalman)	\$50 kòm kopèman
Vizit nan Klinik Espesyalis	\$40 kòm kopèman	\$100 kòm kopèman
Sal Ijans	\$200 kòm kopèman	
Pasyan ki Entènè Lopital	10% ko-asirans apre franchiz	30% ko-asirans apre franchiz
Kopèman pou Medikaman sou Preskripsyon	Famasi BILH—Jiska 90 J Famasi BILH—Jiska 90 J Famasi ki pa BILH—Jiska 30 J	

Sila yo ki abite a yon distans 20 mil oswa plis parapò ak yon PCP BILH

5 yo\*

	Flex HMO	Flex Plus HMO	Access PPO*
	\$\$	\$\$\$	\$\$\$\$
	Nivo 1, 2 ak 3	Nivo 1, 2 ak 3	Pa Aplikab
<b>oswa swen</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pi gwo prim pase plan BILH Network Premier HMO</li> <li>Plan nivo 3.</li> <li><b>Pa gen kouvèti pou swen andeyò rezo</b> eksepte pou ijans.</li> <li>Itilize pwofesyonèl swen sante ki nan rezo Flex HMO yo.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Menm jan ak Flex HMO, avèk pi gwo prim ak franchiz ki pi ba.</li> <li>Plan nivo 3.</li> <li><b>Pa gen kouvèti pou swen andeyò rezo</b> eksepte pou ijans.</li> <li>Itilize pwofesyonèl swen sante ki nan rezo Flex HMO yo.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pi gwo prim.</li> <li>Pa gen nivo.</li> <li><b>Kouvèti pou pwofesyonèl swen sante nan rezo a ak andeyò rezo a.</b></li> </ul>
H Network e BILH yo).			
elman, men pafwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou sitou itilize pwofesyonèl swen sante Nivo 1 ak 2, men ou vle pou w ka itilize pwofesyonèl swen sante Nivo 3 yo si sa nesesè.</li> <li>Ou vle yon dediksyon "mwayen" soti nan chèk travay ou pou peye prim ou yo.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou vle toujou itilize pwofesyonèl swen sante Nivo 3 yo, ansanm ak pwofesyonèl swen sante Nivo 1 ak 2 yo.</li> <li>Ou dispoze peye yon pi gwo prim nan chèk travay ou pou w ka itilize pwofesyonèl swen sante Nivo 3 yo, epi pou peye mwens lajan lè w resevwa sèvis nan men pwofesyonèl swen sante sa yo.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou vle pou w kapab wè nenpòt pwofesyonèl swen sante (pwofesyonèl swen sante nan rezo a ak andeyò rezo a).</li> <li>Ou dispoze peye pi gwo prim yo nan chèk travay ou pou w kapab gen aksè ak nenpòt pwofesyonèl swen sante ou vle wè a.</li> </ul>
3 eksepte nan			
sevwa yo epi yon			
ilize pwofesyonèl			
na pou plan sa a.			

## Medikal yo\*

Flex HMO			Flex Plus HMO			Access PPO*	
Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	Nan Rezo	Andeyò Rezo
\$1,000/ \$2,000	\$2,500/ \$5,000	\$6,000/ \$12,000	\$500/ \$1,000	\$1,500/ \$3,000	\$3,000/ \$6,000	\$500/ \$1,000	\$2,000/ \$4,000
\$8,000/\$16,000			\$8,000/\$16,000			\$6,000/\$12,000	
\$0 (kouvri totalman)			\$0 (kouvri totalman)			\$0 (kouvri totalman)	30% ko-asirans apre franchiz
\$0 (kouvri totalman)	\$50 kòm kopèman	\$80 kòm kopèman	\$0 (kouvri totalman)	\$30 kòm kopèman	\$50 kòm kopèman	\$20 kòm kopèman	30% ko-asirans apre franchiz
\$40 kòm kopèman	\$100 kòm kopèman	\$160 kòm kopèman	\$40 kòm kopèman	\$60 kòm kopèman	\$100 kòm kopèman	\$40 kòm kopèman	30% ko-asirans apre franchiz
\$200 kòm kopèman			\$200 kòm kopèman			\$150 kòm kopèman	
10% ko-asirans apre franchiz	30% ko-asirans apre franchiz	50% ko-asirans apre franchiz	10% ko-asirans apre franchiz	20% ko-asirans apre franchiz	40% ko-asirans apre franchiz	10% ko-asirans apre franchiz	30% ko-asirans apre franchiz
<b>30 Jou:</b> \$5 jenerik, \$25 mak prefere, \$40 mak non prefere/espesyalite <b>Jou:</b> \$12.50 jenerik, \$62.50 mak prefere, \$100 mak non prefere/espesyalite <b>ou Sèlman:</b> \$10 jenerik, \$30 mak prefere, \$60 mak non prefere \$100 espesyalite						<b>Apwovizyonman 30 Jou:</b> \$10 jenerik, \$30 mak prefere, \$60 mak non prefere \$100 espesyalite (apwovizyonman 90 Jou disponib tou)	

H yo kapab jwenn aksè ak PPO Debaz ki Andeyò Zòn plan an tou.



**Benefits Department**  
**(Depatman Avantaj yo)**  
529 Main Street  
4th Floor  
Charlestown, MA 02129



## **Nouvo Plan Medikal k ap Disponib pou 2025—Gade Anndan pou Aprann Plis epi Asire w Ou Enskri Toutbon!**

### **Nouvo Plan Medikal K ap Disponib Pou 2025**

Chwazi pi bon plan selon Bezwen w yo.

N ap vini ak kat nouvo opsyon plan medikal pou 2025. Plan sa yo gen ladan yon seri nivo kouvèti ak pri, ki ba w plizyè opsyon pou chwazi plan ki pi bon pou ou menm ak fanmi w. Chwazi plan w lan ant 28 oktòb a 15 novanm 2024.

